# Qaraqalpaq tiliniń “Túsindirme sózligi”niń mobil qosımshası jaratıldı

Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Prezidiumınıń 2021-jıl 16-iyul kúngi “Qaraqalpaq tilin jáne de rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriw ilajları haqqında”ǵı 410-sanlı Qararı menen shólkemlestirilgen Qaraqalpaq tilin rawajlandırıw fondınıń Rejesinde qaraqalpaq tilin rawajlandırıwǵa baylanıslı media ónimlerin, kompyuter, mobil baǵdarlamalardı hám basqa da elektron materiallardı tayarlaw jumısların qollap-quwatlaw boyınsha wazıypalar belgilengen edi. Usı wazıypanı orınlaw maqsetinde “Bookie” qaraqalpaq tilindegi audiokitaplar platforması sheńberinde “Qaraqalpaq tiliniń túsindirme sózligi” tórt tomlıq kitabınıń mobil qosımshası islep shıǵıldı.

Image not found or type unknown

- Bul platforma – 1982-1992-jılları kitap bolıp basılıp shıqqan “Qaraqalpaq tiliniń túsindirme sózligi”niń tórt tomlıǵı tiykarında islep shıǵıldı. Bul baǵdarlamaǵa kóp tomlıqtaǵı sózler ózgerissiz kirgiziledi. Sonlıqtan, bunda ǵárezsizlikke shekemgi dáwirge tiyisli kóplegen sózler de ushırasıwı múmkin. Biraq, xalqımız bul sózlerdiń de mánisin biliwi kerek dep oylaymız. Sebebi, bul tariyx. Házirgi waqıtta qaraqalpaq tilshileri tárepinen “Túsindirme sózlik”tiń tolıqtırlǵan jańa jeti tomlıǵı islep shıǵılmaqta. Bul kóp tomlıqtıń jańa variantı baspadan shıqannan keyin ondaǵı sózler de basqıshpa-basqısh biziń platformamızǵa kiritilip barıladı. Álbette, bul platformada ayırım kemshilikler bolıwı múmkin. Bunı aldaǵı waqıtlarda basqıshpa-basqısh dúzetip baramız – deydi, joybar menedjeri Azizbek Dabılov.

Platforma "Bookie" qaraqalpaq tilindegi audiokitaplar hám "KARSOFT-IT-SOLUTIONS" JShJ tárepinen islep shıǵıldı.

Image not found or type unknown

Bul joybar Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi janındaǵı Qaraqalpaq tilin rawajlandırıw fondı tárepinen qarjılandırıldı.

Image not found or type unknown

Bul platforma latın hám kirill jazıwında islep shıǵıldı. Túsindirme sózliktiń mobil qosımshası PlayMarketke júklendi hám xalıqqa programmalıq jaqtan tayar formada usınılmaqta. Web platformanıń URL mánzilin (https://tusindirmesozlik.uz) arqalı izleseńiz boladı.